



**PWOSÈ VÈBAL REYINYON ALEKA KOMITE EVALYASYON POU
PWOSPEKTIS LEKÒL CHARLESTOWN INNOVATION AND
INCLUSIVE HIGH SCHOOL**

22 desanm, 2021

Komite Evalyasyon Pwospektis lekòl Charlestown Innovation and Inclusive High School te genyen yon reyinyon aleka jou 22 desanm, 2021, a 2:00 nan laprèmidi, sou Zoom. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki mansyone anba a, tanpri ale sou sit entènèt <https://www.bostonpublicschools.org/domain/162>, voye yon imel nan adrès imel : feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Skolè Boston an nan nimewo telefòn (617) 635-9014.

PREZANS

Manm komite a ki te prezan : Sipèntandan Brenda Cassellius, Prezidan Komite Skolè Boston Jeri Robinson; ak Vis Prezidan Sendika Pwofesè Boston (Boston Teachers Union) Erik Berg.

Manm pèsònèl Lekòl Piblik Boston ki te prezan : Lisa Maki, Konseyè Legal.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

[Pwogram Reyinyon an](#)

[Pwospektis Lekòl Inovasyon lekòl Charlestown Innovation and Inclusion High School](#)

RAPÈL A LÒD

Sipèntandan Cassellius te raple reyinyon a lòd. Madam Parvex te fè apèl non yo. Doktè Cassellius, Prezidan Robinson ak Mesye Berg te prezan.

Madam Parvex te anonse ke sèvis entèpretasyon similtane (entèpretasyon ki fèt an menm tan oratè yo ap pale) te disponib nan lang espayòl ak Lang Siy Ameriken (ASL) ; epi l te bay kèk entstriksyon sou kòman moun kapab chanje chèn sou Zoom pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane yo.

22 desanm, 2021

DISKISYON (CHITA PALE)

Sipèentandan Cassellius te akeyi manm gran piblik la, e l te di yo ke yo t ap reyini kòm pati obligasyon statitè yo (obligasyon legal yo) pou yo pale sou plan Inovasyon lekòl Charlestown High School la ke Fabienne Eliacin, Alicia Piedalue, ak Karellis Rivera te soumèt. Li te esplike ke reyinyon an t ap operasyonèl, li te konsantre sou etablisman divès strikti pou diskite e revize plan ki te soumèt 23 novanm, 2021 an. Epitou li te di ke Prezidan Komite a ap fòmèlman pataje pwospektis Inovasyon lekòl Charlestown High School la avèk manm Komite Evalyasyon an, e sa ap kòmanse peryòd 30 jou an pou revize, epi apres vote, sou plan an.

Sipèentandan Cassellius te kòmanse reyinyon an avèk yon vòt pou etabli yon Prezidan pou Komite Evalyasyon an e enstale li. Li te lanse yon apèl pou nominasyon pou pòs prezidan an. Mesye Berg te lonmen Jeri Robinson. Doktè Cassellius te dakò ak nominasyon an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite a te dakò vote pou met yon arè nan nominasyon yo pou pòs prezidan an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite a te vote pou yo eli Madam Jeri Robinson kòm prezidan Komite Evalyasyon Pwospektis lekòl Charlestown Innovation And Inclusive High School la.

Madam Robinson te remèsye Sipèentandan Cassellius, epi l te di ke pwochen sijè ki sou tapi a se te yon chita pale sou pwospektis Inovasyon an. Li te mande manm pèsònèl Sipèentandan an pou yo fòmèlman voye pwospektis Inovasyon Charlestown High School la bay manm Komite Evalyasyon an, kòm sa te ouvri pwosesis revizyon 30 jou a pou pwospektis la. Li te di ke etandone ke pifò manm komite a pa t fòmèlman resevwa e revize pwopozisyon an, y ap gen yon chita-pale trè limite nan reyinyon. Madam Robinsonn te di ke yo espere pwogram plis reyinyon nan peryòd 30 jou a pou yo fòmèlman pale sou pwopozisyon an e aji sou li. Li te mande Sipèentandan Cassellius pataje refleksyon l yo, kòm li te revize pwopozisyon an e li te reyini avèk pwofesè ak manm pèsònèl lekòl Charlestown High School yo.

Sipèentandan Cassellius, te pale sou enpòtans angajman e li te di ke l detèmine pou l dirije avèk angajman ak patenarya. Pakonsekan, apa de pataje pwospektis la avèk manm Komite Evalyasyon an, yo pral afiche l tou sou sit entènèt Lekòl Piblik Boston an epi y ap ouvri yon pwosesis pou yon peryòd revizyon ak kòmantè k ap dire twa semèn. Li te di ke manm kominote rejyon Boston an ap gen opòtinite pou yo revize pwospektis la epi yo te ankouraje yo pataje kòmantè yo pou komite a kapab revize yo.

Sipèentandan Cassellius te sijere pou Doktè Charles Grandson, Ofisye an Chèf Ekite ak Strateji, envite otè pwospektis la pou yo fè yon prezantasyon nan reyinyon vityèl 14 janvye Tab Won Ekite Kominitè a (CERT). Li te esplike ke depi avril 2020, Lekòl Piblik Boston (BPS) te angaje avèk CERT kòm yon etap enpòtan e esansyèl nan tout regleman ak desizyon k ap fèt yo, e ke tout reyinyon yo ouvè a gran piblik la. Doktè Cassellius te di ke Doktè Grandson ap kontakte kandida yo pou asire ke yo angaje avèk ekip li a konsènan soumisyon Zouti Planifikasyon Ekite

22 desanm, 2021

Rasyal la (REPT) pou yon revizyon konplèt, kòm sa se te yon etap egzije depi okòmansman pou nenpòt pwosesis planifikasyon pou divès desizyon majè k ap fèt nan distri a. Epitou li te di ke revizyon sa ap pataje avèk Komite Evalyasyon an avan vòt final la e ke REPT final la ap afiche sou sit entènèt Komite Skolè a.

Finalman, li te sijere ke yo analize pwospektis la ; pou yo fè sa y ap itilize analiz Pwen Fò, Pwen Fèb, Opòtinite, ak Menas la (SWOT) atravè yon konsantrasyon eksplisit e klè sou ekite rasyal. Li te rekòmande ke avan pwochèn reyinyon an, ke yo fè yon lekti aktif pwopozisyon an, konsidere, e reflechi sou done sila yo ki sot nan divès agajman avèk pwofesè, paran, elèv, kòmantè gran piblik la, ak CERT, ak analiz la avèk itilizasyon zouti REPT la. Epitou l te di ke yo dwe prepare refleksyon patikilye pa yo sou pwen fò, pwen fèb, opòtinite, ak menas pwopozisyon an ki mete ekite rasyal, reyisit elèv yo, ak opòtinite nan sant analiz yo, etandone ke tout pwen done sila yo dwe enfòmè mezi y ap pran pandanke y ap vanse pou devan. Sipèntandan Cassellius te di ke li te mande Chèf Lekòl Corey Harris ak Depite Sipèntandan Afè Akademik Drew Echelson pou yo disponib pou yo pataje analiz yo sou pwopozisyon an avèk itilizasyon SWOT ak REPT kòm yon zouti analitik nan pwochèn reyinyon yo.

Madam Robinson te remèye Sipèntandan Cassellius epi l te mande Mesye Berg sa l panse.

Mesye Berg te met anfas sou enpòtans vwa kominote skolè yo, etandone ke yo esansyèl pou asire ke nenpòt efò ki fèt pou refòm ap mache pou elèv yo ak pou sistèm skolè a. Li te di ke yo ta renmen aranje yon reyinyon avèk tout pwofesè ak manm pèsonèl lekòl Charlestown High School avan komite evalyasyon an konkli sa l ap fè a. Li te ajoute ke li te panse ke l ta enpòtan pou pwochèn reyinyon yo pwograme aprè lekòl Charlestown High School lage, dekwa pou elèv yo ak edikatè yo kapab gen opòtinite pou yo asiste reyinyon yo.

Madam Robinson te dakò e li te di ke li ta renmen asire ke gen yon opòtinite pou yo tandè fanmi aktyèl lekòl Charlestown High School yo.

Finalman, Madam Robinson te bay orè yo pou nou revize, diskiste, e aji sou pwopozisyon an.

- 22 desanm : Reyinyon Komite Evalyasyon an (Fòmèlman Aseptè Pwospektis Inovasyon lekòl Charlestown nan epi Defini Pwochèn Etap yo)
- 22 desanm : Pwospektis la ap afiche sou sit entènèt Komite Skolè a pou gran piblik la revize epi peryòd komantè gran piblik la ap kòmanse.
- 7 janvyè : Dènye delè pou kandida yo remèt REPT final la
- 7 janvyè : Reyinyon Komite Evalyasyon an (Revizyon, Diskisyon, ak Kòmantè Ouvè pou Gran Piblik la)
- 14 janvyè : Reyinyon CERT la (pwovizwa/annatant)
- 15 janvyè : Peryòd Kòmantè Gran Piblik la ap fèmen epi kòmantè yo ap pataje avèk Komite Evalyasyon an
- 19 janvyè : Reyinyon Komite Evalyasyon an (Diskisyon, Desizyon, ak Vòt)

Mesye Berg te mande ki kote videyo a ap afiche. Doktè Cassellius te di ke tout materyèl yo ap afiche sou sit entènèt Komite Skolè a.

22 desanm, 2021

REYINAN AN LAGE

Vè zòn 2:20 nan laprè midi, tout Komite a te dakò vote pou lage reyinyon an, selon pwosesis apèl non an.

Ateste :



Lena Parvex
Asistan Administrativ